

# 19

avril

**Lè Bondye te rachte nou... se pa t avèk bagay ki ka peri, tankou lajan ak lò. Se te avèk san Kris la.**

1 Pyè 1. 18, 19

**Vrèmanvre, se akòz gras Li, ki fè nou sove, grasa lafwa. E, sa pa soti nan nou menm, se kado Bondye. Sa pa soti nan zè, dekwa pou pèsonn pa vante tèt yo.** Efezyen 2. 8, 9

## Kalvè

Kisa mo “kalvè” a fè nou sonje ? Yon moman nan lavi a ki bay anpil lapenn ? Nan rasin li, mo sa a pale de yon ti mòn tou pre Jerizalèm, yo rele tou Gòlgota, se sou li, yo te krisifye Jezi Kris nan soufrans tèrib li yo. Levanjil la fè konnen : “Li pote kwa li, Li soti ale kote yo rele Plas Zotèt la. Ann Ebre, se Gòlgota. Se la yo te krisifye Li, Li menm ansanm avèk de lòt : Youn chak bò, Jezi nan mitan” (Jan 19. 17, 18). Oparavan, Jezi t apral anonse li menmjan : “E menmjan Moyiz te leve sèpan an nan dezè a, konsa tou, fòk yo leve Pitit Lòm nan anlè, dekwa pou tout moun ki kwè nan li pa peri, men, pou yo genyen lavi etènèl” (Jan 3. 14, 15). Donk, poukisa yo te dwe krisifye Jezi, yon nonm ki pafè ?

Devan Bondye, ki sen nèt ale, tout fot merite yon chatiman. Okenn “bòn zè”, okenn lajan, pa gen anyen ki ka efase yon grenn peche. Donk, ta dwe genyen yon fason pou “moun sove”, yon bagay ki ka rann nou pwòp devan je Bondye. E bagay sa pa t ka fè lòt fason sof lanmò yon viktim ki pafè nèt ale. Se poutèt sa, “Bondye... bay sèl Pitit li gason l nan, Konsa tout moun ki kwè nan Li, yo p ap peri, men, y ap genyen lavi etènèl” (Jan 3. 16). Twa jou apre sakrifis li a, Jezi te resisite, sa se prèv jistis Bondye sen an te satisfè.

Kris la te dwe mouri pou li ka peye ak lavi li, pri padon peche mwen yo, peche tout moun ki aksepte sakrifis lanmou li an. Se sa Kalvè a fè nou sonje.

# 19

avril

**Vous avez été rachetés... non par des choses corruptibles, de l'argent ou de l'or, mais par le sang précieux de Christ.** 1 Pierre 1. 18, 19

**Car c'est par la grâce que vous êtes sauvés, par le moyen de la foi, et cela ne vient pas de vous, c'est le don de Dieu ; non pas sur la base des œuvres.**

Éphésiens 2. 8, 9

## Calvaire

Qu'est-ce que le terme "calvaire" évoque pour nous ? Un moment particulièrement douloureux de la vie ? À l'origine, ce mot désigne une colline proche de Jérusalem, appelée aussi Golgotha, sur laquelle Jésus Christ a été crucifié dans de terribles souffrances. L'évangile rapporte : "Portant lui-même la croix, il sortit et alla au lieu dit le Crâne, appelé en hébreu Golgotha, où ils le crucifièrent, et avec lui deux autres, un de chaque côté, et Jésus au milieu" (Jean 19. 17, 18). Auparavant, Jésus avait lui-même annoncé : "Comme Moïse éleva le serpent dans le désert, de même il faut que le Fils de l'homme soit élevé, afin que quiconque croit en lui ne périsse pas, mais qu'il ait la vie éternelle" (Jean 3. 14, 15). Pourquoi donc Jésus, homme parfait, devait-il être crucifié ?

Devant Dieu, qui est infiniment saint, toute faute mérite un châtement. Aucune "bonne œuvre", aucun argent, rien ne peut effacer un seul péché. Il fallait donc un "moyen de salut", quelque chose qui puisse nous rendre purs aux yeux de Dieu. Et cela ne pouvait se faire que par la mort d'une victime absolument parfaite. C'est pourquoi "Dieu... a donné son Fils unique, afin que quiconque croit en lui ne périsse pas, mais qu'il ait la vie éternelle" (Jean 3. 16). Trois jours après son sacrifice, Jésus est ressuscité, preuve que la justice du Dieu saint était satisfaite.

Il fallait que Christ meure pour payer de sa vie le prix du pardon de mes péchés, des péchés de tous ceux qui acceptent ce sacrifice d'amour. C'est ce que rappelle le Calvaire.